# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 30-декабрьдеги "Улыўма орта билим бериў мәкемелери ушын 2021-2022-оқыў жылына мөлшерленген оқыў бағдарламаларын тастыйықлаў ҳаққында"ғы 335-санлы буйрығы ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң "Улыўма орта билим бериў мектеплери ушын 2021-2022-оқыў жылына мөлшерленген таяныш оқыў режени тастыйықлаў ҳаққында"ғы 2020-жыл 9-декабрьдеги 297-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў ҳәм де оқыў-тәрбия процессине билимлендириўдиң нәтийжели усыллары ҳәм де улыўма билим бериў пәнлери бойынша оқыў бағдарламаларын әмелиятқа енгизиў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 30-декабрьдеги "Улыўма орта билим бериў мәкемелери ушын 2021-2022-оқыў жылына мөлшерленген оқыў бағдарламаларын тастыйықлаў ҳаққында"ғы 335-санлы буйрығы орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Жоқарыдағы буйрық пенен:

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық билимлендириў орайының пән бағдарлары бойынша Илимий-методикалық кеңеслеринде усы жылдың ноябрь айында мақулланған 2021-2022-оқыў жылына мөлшерленген оқыў бағдарламаларын әмелиятқа енгизилгенлиги;

Улыўма орта билим бериўдиң Миллий оқыў бағдарламасы тийкарында жаратылған, улыўма орта билим бериў мәкемелери ушын 2021-2022-оқыў жылына мөлшерленген оқыў бағдарламалары қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Республика оқыў-методикалық орайы (Қ.Жубанов)на:

2021-2022-оқыў жылы ушын басып шығарылатуғын қарақалпақ тилиндеги сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық топламлардың мазмунын қайта көрип шығып, оқыў бағдарламалары тийкарында баспаға таярлаўды усыныў;

2021-2022-оқыў жылына мөлшерленген оқыў бағдарламалары тийкарында қарақалпақ тилиндеги календарь-тематикалық режелерди ислеп шығыў;

қала (район)лық халық билимлендириў бөлимлери менен биргеликте оқыў бағдарламаларының мәнис-мазмунын дәстүрий август кеңеслеринде халық билимлендириў тараўындағы қәнигелерге кең түсиндириў жумысларын алып барыў ўазыйпасы тапсырылсын.

4. Сабақлықлар ҳәм оқыў-әдебиятлары секторы (С.Юсупов), Республика оқыў-методикалы орайы (Қ.Жубанов) 2021-2022-оқыў жылы ушын оқыў бағдарламалары тийкарында баспаға таярланған сабақлықлар ҳәм

оқыў-методикалық топламларды басып шығарыўды ҳәм де улыўма орта билим бериў мектеплерине жеткерилиўин шөлкемлестирсин.

5. Қала (район)лық халық билимлендириў бөлимлери 2021-жыл 1-сентябрь сәнесине шекем улыўма орта билим бериў мектеплерине улыўма билим бериў пәнлери бойынша оқыў бағдарламаларының мәнис-мазмунын ҳәр-бир билим бериў мәкемелерине жеткерсин.

6. Усы буйрықтың орынланыўын тәмийинлеў министрдиң биринши орынбасары А.Худайбергеновқа жүклensин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл 15-январь
15-санлы